

Jwenn Enfòmasyon Konsènan K2

Kisa K2 ye?

K2 se yon dwòg sentetik. Se materyèl seche ki dechikte yo flite yon pwodui chimik sou li.

Se pa kanabis (zèb) men yo souvan vann li kòm yon "altènatif pou THC (tetrahydrocannabinol)".

Lòt non K2

Spice, Green Giant, Potpourri, Bizarro, Geeked Up, Smacked, AK-4, RedX Dawn, Paradise, Demon, Black Magic, Spike, Mr. Nice Guy, Ninja, Zohai, Dream, Genie, Sence, Smoke, Skunk, Serenity, Yucatan, Fire, Skooby Snax, ak Crazy Clown.

Efè ak risk K2 yo

K2 ka fè w santi w kontan oswa rilaks, men tou li ka fè w santi w byen lwen oswa detache ak mond ki antoure w la. Li kapab Lakòz tou:

- Anksyete
- Konfizyon
- Paranoya oswa alisinasyon
- Konpòtman vyolan
- Anvi dòmi
- Endispoze oswa pèt konesans
- Kè plen
- Vomisman
- Batman kè ki rapid
- Ensifizans renal
- Kriz
- Panse pou fè suisid

Fè atansyon avèk...


- K2 ka diferan sòti nan yon lo ale nan yon lòt oswa ant diferan mak yo
- Moun yo te santi efè ki pi fò lè yo melanje K2 a avèk lòt sibstans (tankou alkòl oswa PCP)
- Itilizasyon an ak sevraj la ka debouche sou sentòm tankou pèt konesans, pèt apeti, doulè nan lestomak, vomisman, ak plis ankò.



Imaj ki sòti nan men Administrasyon Etazini pou Lit kont Dwòg la (Drug Enforcement Administration, DEA)

Jwenn Enfòmasyon Konsènan K2

Fason pou w redui risk yo lè w ap itilize K2 a



Evite melanje K2 avèk lòt sibstans



**Itilize li nan lè repa yo si sa posib
Eseye manje anvan ak pandan w ap itilize K2 a**



**Kòmanse dousman, ale lantman
Egzanp: rale yon sèl nway epi tann pou w wè kijan li afekte ou anvan w itilize plis**



Pale ak yon founisè swen primè oswa swen sante mantal konsènan medikaman pou jere lòt bezwen yo



**Rete idrate!
Bwè anpil dlo anvan ak apre w fin itilize K2 a**




Si w ap itilize K2 pou w trete doulè, mande pou w pale ak yon founisè jesyon doulè



Apre w fin fimen deyò a, antre anndan an nan yon kote ki sekirite avèk lòt moun ozalantou w



Pale avèk yon founisè swen sante konsènan doulè nan lestomak, kè plen oswa vomisman si w t a genyen yo (sitou lè w sispann itilize li)



**Evite itilize li poukont ou oswa toupre moun ki reprezante eleman deklanchè pou ou
Itilize li avèk yon moun ou fè konfyans oswa rele Liy Dirèk Pa janm Itilize Li Pou kont Ou an (Never Use Alone Hotline): (800) 484-3731**



**Devlope yon plan sekirite pou redui risk ou yo
Pou w jwenn soutyen, kontakte
harmreduction@dss.nyc.gov**